ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (23.247) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Тэмэму фылэжьащ!»

КІуэкІуэ Юрий хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ ТекІуэныгъэм и Махуэр щагъэлъапІэ лъэхъэнэм мыхъумыщІагъэхэр къызэрамыгъэхъуам папщІэ

ДЫГЪУАСЭ КІуэкІуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм: УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къупльыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, нэгъэущІ министерствэ, ведомствэ зыбжанэм, Налшык къалэ округым я унафэщІхэр, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ зынагъэнэшагъэмкІэ и советым и Секретарь Емкъуж А. Хь. зыхэта зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм иджыпсту щыщыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Іэужьхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ ТекІуэныгъэм и Махуэм ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІа гуфІэгъуэ Іуэхуэр хъарзынэу зэрекІуэкІар икІи законымрэ хабзэмрэ хъумэным и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІахэм арэзы укъызэрищІыр. ГуфІэгъуэ дауэдащэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу цІыху мин 60-м нэблагъэ хэтащ. «Тэмэму фылэжьащ! Мыхъумыщ1агъэхэр къэвгъэхъуакъым. Оперативнэ штабымрэ Террорым пэщІэтынымкІэ комитетымрэ я унафэм щІэту яубзыхуа псори зэрагъэзэщІар хуабжьу сэбэп хъуащ», - кІыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Хъыбар гуапэ

ХьэтІохъущыкъуей дэт курыт школыр токІуэ

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ди къэралым илъэс зыбжанэ хъуауэ щокІуэкІ «Школ нэхъыфІ» урысейпсо зэхьэзэхуэр. Унэтіныгъэитіу зэщхьэщыха а зэпеуэм хэтыну хуитщ УФ-м и къалэхэми къуажэхэми щылажьэ курыт школхэр.

БАХЪСЭН районым хьхьэ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школ №3-р иджыблагъэ хэтащ ди къэралым и къалащхьэм щекІуэкІа Урысейпсо егъэджэныгъэ форумым. Абыкіэ хъыбар кІыдигъэщІащ щыналъэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Чылар Аринэ. Школым и зэфІэкІхэр щигъэлъэгъуащ «Къуажэ школ нэхъыфІ-2016» унэтІныгъэм. Ди гуапэ зэрыхъущи, ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и курыт школыр хъуащ къэралпсо зэпеуэм и лауреат.

Урысейпсо зэхуэсым и утыкум ирашащ школым и унафэщІ Дыщэкі Раисэ икІи зи пашэ Іуэхущ1апІэр зэрытекІуам щыхьэт техьуэ медалрэ щІыхь тхыпІэр къратащ. Езыми къыхуагъэфэщащ «Унафэщі Іэкіуэльэкіуэ-2016» дамыгъэ лъапІэр. Раисэ зэрыжиІэмкІэ, къэпщытакІуэ гупым я пащхьэ иралъхьащ Іуэхущ1апІэм иужьрей илъэсищым зэфІиха лэжьыгъэр къызыхэщ дэфтэрхэр, зыІэригъэхьа екъулІэныгъэмрэ здынэса лъагапІэхэмрэ ятеуэуа тхыльхэр. Пщіэ лъагэр къыпэкІуащ егъэджакІуэ гупым зэдэууэ я гъэзащІэ лэжьыгъэ купщІафІэм.

Іуэху епльыкІэщІэхэр, лэжьэкІэщІэ мардэхэр щытепщэ курыт школым екъулІэныгъэ куэд иджыри зыІэригъэхьэну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● КъБР-м и Правительствэм



Нэхъыщхьэхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и гъэзэщІакІуэ орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ 2016 гъэм, 2017 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа республикэ бюджетым и проектым. Абы тегуха доклад ищІащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр Лыхъ Заур.

ЗЭІУЩІЭМ къыщащтащ «Хьэрычэт цІыкІымрэ ику итымрэ я Іуэхущ1апІэхэу КъБР-м щыІэхэм кредит мащІэ етыныкІэ фонд» зи фІэщыгъэ, мылъку къегъэщІыным емыпхэ компание къызэІухыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис къызэрыхигъэщамкІэ, ар сэбэп хъунущ «КъБР-м и шэсыпІэ фонд» зэгухьэныгъэм дэлэжьэныкІэ, хьэрычэт цІыкІымрэ ику итымрэ зегъэужьыным папщІэ мылъку къэуГуеиныкІэ.

ЗэІущІэм къыщащтащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и зэхэтлъыкІэм теухуа проектыр. Абы тету, министерствэм и штатыр лэжьакІуи 6-кІэ ягъэмэщІэнчу, язныкъуэ Іэнатіэхэм я фІэщыгъэхэр яхъуэжынущ.

Гектари 118-рэ хуэдиз хъу, мэкъумэш лІэужьыгъуэм хиубыдэ щІы Іыхьэр федеральнэ мылъкым къикІыу республикэм и къэрал мылъкум хэгъэхьэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр къащтащ.

Я арэзыныгъэкІэ Іэщэ, абы и пкъыгъуэхэр, лагъым зыт цІыхухэм ахъшэ компенсацэ иратыным теухуа проектыр зэІущІэм къыщащтащ. КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщыныгъэмкІэ и министерствэм я Іуэхум текІуэдэну мылъкур хухахынущ.

Накъыгъэм и 27-м «Гъунэгъуэм я дунейпсо махуэр» республикэм зэрыщагъэлъэпІэнум кІэпльыпльыну комитет къызэрагъэпэщащ. Мэкъуауэгъуэм и 4-м республикэм щІыхьэху зэрыщекІуэкІынымкІи зэІущІэм унафэ щащІащ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Май щІыналъэ

Гъэмахуэм зыхуащІ

Май щІыналъэм и гъэмахуэ лагерхэр школакІуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм хуагъэхьэзыр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щынэхъыфІхэм хабжэ «Казачок» лагерым гъэ къэс сабии 100-м нэсым зыщагъэпсэху, я узынщагъэри щрагъэфІакІуэ. ЦІыкІухэр зыщІэсыну пхъэ унэхэр, шхапІэр, джэгупІэхэр иджыпсту зэщІагъэкъабзэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м псори хьэзыру зэрырихьэлІэнум хуэдэу. ЩІыналъэ администрацэм и унафэщІхэмрэ егъэджэныгъэмкІэ управленэм и лэжьакІуэхэмрэ иужь ихьащ сабийхэр ерыскъыхэкІ нэхъыфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным. Іуэхур кьыдаІыгъынущ Май щІыналъэм щыІэ мэкъумэш Іэнатіэхэмрэ ерыскъыхэкІым елэжь предприятэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЩІэпхъаджагъэ Іуэхухэр ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым фыщыгъуазэмэ

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ апыщІа щІэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым фыщыгъуазэмэ, абыкІэ хабзэхъумэхэм хъыбар евгъащІэ хъунущ, centrskfo@mail.ru сайтымкІэ е 360003, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 49. Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и центр (Налшык къалэм щыІэ хэщІапІэ) пошт адресымкІэ. Апхуэдэу фыпсалъэ хъунущ 8-800-200-02-21 телефонымкІэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Фэеплъ пхъэбгъу къызэІуахащ

Накъыгъэм и 8-м Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щекІуэкІащ 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Ерокъуэрэ Лэскэнрэ деж щекІуэкІа зэхэуэхэм хъыбарыншэу хэкІуэда сэлэт 93-м я фэеплъ къыщІызэІуаха пэкІу.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Лэскэн районым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **АфІэунэ Асльэн**, КъБР-м щыІэ МВД-м и ветеранхэм я советым хэт подполковник **Черновэ Алёнэ**, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Мэремыкъуэ Асльэн**, Лэскэн щІыналъэм и ветеранхэм я советым и унафэщІ **Табыхъу Борис**, къуажэдэхэр, егъэджакІуэхэр, школакІуэхэр.

Пэкіур къызэІуихащ АфІэунэ Асльэн.

- Илъэс 71-рэ дэкІащ Хэку зауэшхэр зэриухрэ. Куэдым я псэр ятащ, мамыру дыпсэун папщІэ. Абыхэм я насып кІихьакъым къагъэзэжыну. Хьыбарыншэу кІуэдахэри мащІэкъым, абыхэм я щхьэ ящикІуар зэхагъэкІ ар зи къалэну къэзыльытэ щІалэгъуалэм. Зауэм ЛІыхъужьу хэта Ермаков М. П. и къуэрылъху Ермаков В. В. и фІыщІэкІэ къэтщІащ ди хэкуэгъуэм я кІуэдыкІэ хъуар, икІи абыхэм я унэцІэхэр теттхэжащ мы фэеплъ пхъэбгъуэм, - жиІащ АфІэунэм.

Фэеплъ пхъэбгъуэр къызэІуахащ АфІэунэ Асльэнрэ зауэм хэкІуэдахэм ящыщ лІыхъужьым и къуэрылъхум и кІуэмрэ.

Школакіуэхэр пэкІум къыщеджащ зауэм теухуа усэхэм.

Хэкіуэдахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа нэужь, къриХьэлІахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ГЪУЭТ Синэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Я зэфІэкІым хагъахъуэ

Прохладнэ къалэм дэт щІакхъуэ заводым и лэжьыгъэр ефІакІуэ зэпытщ.

ИДЖЫРЕЙ мардэхэм тету мы зэманым абы щагъэхьэзыр щІакхъуэхкІ зэмылІэужьыгъуэу 50-м нэблагъэ. Заводым и лэжьакІуэхэр зы илъэси къэмынэу урысейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтщ, куэдым ефІэкІыу. Псом хуэмыдэу щІэупщІэ яІэщ ди цІыхухэм хъаймэщІэкІ йодыр хэлъу ягъэхьэзыр щІакхъуэ лІэужьыгъуэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуахэр зыхэлъ булкэхэмрэ. Я хьэлыгъуанэхэм хуэдэ щыІэхэхэщ.

Мыбы щагъэхьэзыр узынщагъэмкІэ сэбэп, гуэдзымрэ хьэпцІиймрэ зыхэлъ «Диабетический», «Рябинушка» щІакхъуэ лІэужьыгъуэхэр. Заводым иджырей ІэмэпсымэщІэхэри, тхьэв пщыкІэхэри къыщІагъэсэбэп, пасэ зэманым щыІа Іэмалхэри яхъумэ. Абы къыхэкІыу я щэхуакІуэхэми къахэхъуэ зэпытщ. ОАО-м щІакхъуэкІхэмкІэ къызэрегъэпэщ Прохладнэ къалэри мы щыналъэм хыхь жылагъуэ псори.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Шэрэдж щІыналъэ

Гъатхэ сэгъуэр йокІуэкІ

Шэрэдж щІыналъэр къуршыльэ щІыпІэу зэрыщытым къыхэкІыу гъатхасэри нэхъ гуваущ щаухыр.

КЪАПЩТЭМЭ, гъатхасэу гектар мини 3-м нэблагъэ яІэнущ. Нэхьыбэу ящІэнур нартыхурщ - гектар 2528-рэ. Овёсым гектар 230-р, зэнтхъым, джэш щхъуантІэм гектар 25-рэ хухахащ.

Мэкъумэшыщ1эхэм сэхурану гектар 600-м нэблагъэ хасэну трауху хуащ. Абы щыщу трасащ гектар 200-р. Фызэрыщыгъуазэщи, Шэрэджым и гъавэщІапІэхэм я нэхьыбэр Прохладнэ, Тэрч щыналъэхэм щыІэщ. Мэкъумэшыщ1эхэм яІэщ жылаСэ машинэу 15, щІыр зэрагъэщабэу 14, къитхъыу 40-м щІигъу, трактору 30. Бжьыхьэсэри гъатхасэри зэхэту мы щыналъэм гектар мини 7,5-рэ иІэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЗыхагъэтІысхьэн ядэркъым

Финляндием и правительствэр арэзыкъым Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуауэ ЕС-м иригъэкІуэкІ политикэмкІэ. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, Европэм къакІуэхэр а зэгухьэныгъэм хьыхь къэралхэм ятегушэным хуэгъэзауэ ящІа унафэм.

«Финн нэсхэр» партым и унафэщІ Терхо Сампо зэрыжиІамкІэ, Финляндием къытракъуэзу цІыхухэр къызэрагъэІэпхъуэм къэралым фІы лъэпкъ къыхуихьынукъым. Абы къэралым щытыкІэр щызэІигъэхьэнкІэ хъунущ. Хамэ лъэпкъ щыщхэр, я динкІи я дуней епльыкІэкІи къатемыуэхэр, зыхагъэтІысхьэн ядэркъым езы цІыхухэми.

Апхуэдэу щытми, илъэс кІуам Финляндием къаІэпхъуащ цІыху мин 32-м щІигъу. Абыхэм я нэхьыбапІэр Иракым щыщщ.

Доллар мелуани 4,2-м щІигъу

Клинтон Хиллари США-м и президент хъуным и телъхьэ финанс компаниехэм а Іуэхум доллар мелуани 4,2-м щІигъу трагъэкІуэдакІэщ. ауэ кІуэтэху а бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъунури къыхагъэщ политологхэм.

Демократхэм я кандидат Клинтон Уолл Стрит и финанс компаниехэм я зэхуэдитІыр и телъхьэ къыщыфащ. Хиллари и ныкъуэкъуэгъэу нэхъыщхьэ, республиканскэ партым и лыкІуэ Трамп Дональд абыхэм ящыщу и телъхьэ хъуар 1 процент закъэущ.

Хиллари и мурадхэр цІыхухэм я деж нэхьэсыным, хэхакІуэхэр абы дегъэхьэхауэ и телъхьэ къэщыным гъатхэпэ мазэм и закъуэ доллар мин 344-рэ трагъэкІуэдащ а финанс компаниехэм.

НІОГІЭ

♦УФ-м и Тенджыз фІыцІэ флотым и махуэщ. 1783 гъэм тенджыз фІыцІэм къыщыщэрагъэпэщащ Урысей флотыр.

♦1754 гъэм Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ пащтых гуащэм унафэ ищІащ Урысейм япэ къэрал банкыр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1836 гъэм Урысейм ухуэн щыщІадзащ къэралым щыяпэ гъущІ гъуэгур, Петербург - Царское Село - Павловск щІыпІэхэр зэпызыщІэнур. Километр 26-рэ зи кІыхьагъ а гъуэгур къызэІуахат 1837 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м.

♦1888 гъэм Бразилием къыщащтащ цІыхухэр ящыпсэнщылыным теухуа унафэ.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм зыкъаІэтащ.

♦1921 гъэм ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищІащ РСФСР-м зыгъэпсэхупІэ унэхэр къыщызэІухыным теухуауэ.

♦1991 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГРТК) лэжьэн щІидзащ.

♦2000 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ щІыналъэхэр УФ-м и Президентым и лыкІуэу абыхэм щыІэнухэм я Іуэхущ1апІэхэмрэ.

♦ТхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъубж Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Урысейм и Лыхъужь **Къардэн Уэхьид** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦УФ-м пщІэ зиІэ и ухуакІуэ, УФ-м пщІэ зиІэ и гъуэгуанэ, «Мостстрой» ОО-м и генеральнэ директор **Джэрыджэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Зеущэ Іэуес** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат **Къаныкъуэ Заринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэриты́мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 15 - 18 щІыхьунущ.

Зыгъэхьэзыр **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.

Мы усэ сатырхэм я мыхьэнэр фIэщ дыдэ пщащIырт Урыху (Къуэрыдзыкъуей) адыгэ жыIэхьым иджыблагъэ щекIуэкIэ зэхыхьэм. Ар хъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и жэрдэмкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIалэгъуэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэкмкl и министерствэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щыналъэм щригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм и мы-гъэрей Iыхьэм и иужьрей зэхыхьэ. Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджным хуэгъэпса щIыналъэпсо зэхьэзэхуэм Iэскэн районым хыхьэ Урыху дэт курыт школ №2-р къыхихыжащ екIуу, къыззохуэсахэм ирагъэлъагъункIи зэрадзэгуэшэнкIи хуэкъулейуэ.

АЕДЖАПIЭМ и Iэщлагъэлiхэмрэ и гъэсэн цIыкIуэмрэ анэдэлъхубзэмкIэ яIэ зэфIэкIым кIэлъыплъыну, я ехъулIэныгъэхэм наIуэ зыхуащIыну яхуэкIуэ къэпщытакIэу гупым хэтт КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэкмкl и министерствэм и лэжьакIуэ **Ахаевэ Ларисэ**, ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхэгъахъуэ **институтым и къудамэм и пашэ Инчы Ириня**, «Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къардэн Маритэ**, республикэм и курыт школхэм, гъэсапIэ Iэнатlэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэу, фестивалым илъэс зэхуэмыдэхэм щытекIуэхэу, зи Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ цIэрыIуэ хъуахэу **Бекъан Масирэт, Багъ Марьям, Хъуэт ФатIимэ, Къардэн Олеся** сымэ. Ахэр жылэм гъунэгъу зэрыхуэхъуу, къагурыIуащ нобэрей зэхьэхэр школ Iуэху къудей мыхъуу, къуажэпсо, районпсо мыхьэнэ зиIэ зэхыхьэу зэрыщIытыр. Абы щыхьэт текъуэрт къуажэ дзлъэдапIэм деж гупым хащIыпежьа бысымхэр. Абыхэм яхэтт Лэскэн районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Бэрэгъун Зубер**, щэнхабзэмкIэ район къудамэм и унафэщI **Хъэлышх Маритэ**, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ къудамэм и пашэ **Мысрокъуэ Ириня**, Iуэхур щекIуэкIыну курыт школым и унафэщI **Щоджэн Мартуэ**, еджапIэм и ныбжьыгъуфI **ХьэIупэ Джэбрэил**, егъэджакIуэхэр. Адыгэ щууей щIалэхэр гъэзэгурым итт, ди гъэбгъэныпыр хуарзэу яIыгъыу. ГъэзэгъуитIым евэвкIат адыгэ фащэ екIуэхэр зыщыгъэ щIалэ къуданхэмрэ пщащэ щIыкIэмрэ. И макъ жьгъыурымкIэ хъэщIэхэри бысымхэри ихьэхуат а жылэм щыщ узэрэджэкIыкIуэ щIрыIуу **ЦокIыл Аззмэт**. Пшынэм и макъ дахэр игъэIуат ди щIыналъэм и артист ныбжьыщIэ куэдым гуаэз яхуэхъуа пшынауэ Iэзэ **Давыдовэ Риммэ**. А псоми къэхэщыт дыжьныифэ фащэр кьызыщIылыдыкI, дыщафэ хьэрфхэмкIэ «*Адыгэбзэ*» жиIэу зи пIэм тетхэ пщащэ щIыкIуэр.

ФыкъыздэкIуэм фыкъэсащ.
ФыкъыщIэкIуэр къыфпежьащ - Адыгэбзэт фызылъыхъуэр, Къэфлъыхъуари къэвгъуэтащ.
Гъуэгу фыщIытетыр фи щхьэ Iуэхуэкым, ЦIыкухэм сэ фыгъэуэу сахуэфхъумэнырщ, Бзэр хъумэжьныр зэвгъэхъулIэнырщ, Нартыжьхэм я бзэр мыкIуэдыжьнырщ. Сэ дахэу щыIэм сахольдыкI, Адыгэгум дыгъэу сыщоблэ, Къэпкъым дежкIэ жэщым сымазэщ, Псэм сехуэбылIэу махуэм сыдыгъащ.

ХьэщIэпежьэр зэфIэкIа нэужь, шууей къуданхэр япэ иту, псори къуажэм дыхьащ, Iуэхур щекIуэкIыну щIыпIэм хуэкIуэу.

Школ пщIантIэми цIыхур щыпэкIуэт. Адыгэ къафэм и макъ дахэм дахэуразэу утыкум сабийхэр къыщыдгэрт. ШколыбгъумкIэ екIуэкI Iыгъуэм цIыкIуэр щыIэхэзэхуэрт лъэпкъ джэгуIыкIыну щIыпIэм хуэкIуэу.

- Ижь-ижьыж зэман лъандэрэ ди лъэпкъым къыдокIуэкI дуней псом дыкъэзыгъэцIыхуауэ щыта хабзэ дахэ куэд. Абыхэм ебэкъуа цIыхум тезыр трамыльхъэу къаГъанэртэкъым адигэхэм. ЦIыхум илэжьа къуаншагъэр щыззэхъгъэкIым зэрыдгэр зыбгъэкуит. Ар зэхэзыIыгъэкIэ хеящIыщ. ХеящIым зэжигъэкIыр хеимрэ мыгъэмрэ. Хеир къуаншагъэ зыбгъэдэмыIыгъыщ, мыгъэр ягъэкъуанщэрщ. ЦIыху ягъэкъуанщэм къыщыхэщыжьым зэрыдгэр уэчылщ, - апхуэдэу иублащ егъэджакIуэм дерсыр. - КIэрэф Мухьэмэд и «Адэ щIэин мыльку хьурэ?» повестыр и лъабжьэу нобэ дэ дытепсэлъыхьнущ адэ-анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэхэм, абыхэм ехьэлIауэ адыгэ хабзэм къытщIидущ Iуэхуэгъуэхэм.

Адэкlэ Iуэхум суд пащхьэм щы-

пащащ. Абы хэтащ зи суд ящIэ Къаншдауэ Нартокъуэ Мэрем и къуэр адыгэ хабзэм, адыгагъэм зэребэкъуамкIэ едаIуэ *Зыгъэкъуаншэр, ХеящIэр, Уэчылыр, Анэр, щыгъэтхэр.* Нартокъуэ и къуаншагъэр зэрызэхагъэкIын набдзэгубдзапIэхэу кIэлъыплъащ еджакIуэ цIыкIуэхэр судым кърихьэIа адрей псорИ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Нартокъуэ дунейм къытехьэри, адэ-анэ лъагъуныгъэкIэ гъэнщIауэ, зыхуэныкъуэ щымыIэу псэуащ, арщхьэкIэ, балигъ хъуа нэужь абы къилъытащ кушIыбжьыкъым уэсу къуажэм удэс мыхъуну, гъащIэ здэщыIэр къалэрауэ. МыдаIуэу лъапсэр зыбгъна къуэм ищIар адэм игу техуакъым: сымаджэ хъури лIащ. Абдеж къыщыдыдыдакъым щIалэр. Анэр и закъуэу къигъанэри абы къалэм игъэзэжащ, а тхъэмыщIкIэм и пенсэри къыIэщIигъэкIыу хуежьащ. А псом къыхэкIыу ЗыгъэкъуаншэрлъэIуащ адыгэ хабзэм кьитIэс тезыр нэхъ хьэлъэ дыдэр Нартокъуэ тралъхьну.

Тэмэм дыдэу, зы шэчи къытумыхьэну судым наIуэ къыщIащ зэрагъэкъуанщэ псори Къаншдауэ Нартокъуэ зэрыбгъэдэлъыр. Абы и щIалагъыр къальытэри, Iэмал иратащ «адыгэ» цIэр дяпэкIэ екIуу зэрихьэну, и анэр иплIэжыну, жьыщхьэ махуэу игъэпсэуну, лажьыгъэ Iэнатlэ тэмэм пэрыIэту и лъапсэжь исыжыну. Абы кIэлъыплъыну, ягъэзэнхуну илъэситIи пIалъэу хуагъэуващ.

Суд дыдэ екIуэжыкIым хуэдэт дерсым кьрихьэлIахэм ди нэгу щIэкIар. ЕгъэджакIуэм зыхуигъэувыжа мурадхэр кьызэрехъулIари нэрыльагъэт ныбжьыщIэхэр Iуэхум зэрытепсэлъыхьыжымкIи. Сабийхэм ягу илъэр хуиту къаIуэтэфырт, бзэр ягъэшэрыуэу, лъэпкъ хабзэми къэрал хуитыныгъэхэми зэрыхащIыкIыр гурыIуэгъуэ къащIу.

КьинэмыщIауэ, егъэджакIуэм сабийхэм ядригъэжьэкIыкIащ словарнэ лэжьыгъэшхэу: абыхэм къащIащ *хьэкум, хьэжьмышIэ, хеящIэ, хей, мысэ, уэчыл, тезыр,* щIыхьт псалъэхэм я мыхьэнэр. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ епхат доскам ит псалъэжьхэри. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, *«Адыгэ хабзэр адэ щIэинщ», «Уи адэ-анэм яхуэпщI пщIэр уи бынми къыпхащIыжыщ», «Уи анэм жиIэм едаIуэ, уи адэжь лъапсэр гъэдахэ», «Нэхъыжь и жьIэ уедаIуэмэ, уи Iуэху мэкIуатэ», нэгъуэщIхэри.* Абыхэм я мыхьэнэри кьызыхуэтыншэу щыIэп зэпкърахащ дерсым.

ИДЖЫРЕЙ лъэхъэнэм епха а Iуэхум дыхиящи Адыгэбзэ пщащэ щIыкIум кьызэхуэсахэр иригъэблагъащ кьыкIэлъыкIуэ зэхьыхьэм. Ар **АфIэунэ Тае** 9-нэ классым щита урок купщIафIэрат. Тхыдэм и лъагъуэхэмкIэ ди лъэпкъым и блэкIам дыхэзышэж дерсыр тещIыхьат адыгэ литературэм и классик Щоджэнщокlыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым хэт образхэр зэпкърыхыным. Апхуэдэу Афlэунэм и мурадт школакIуэхэм я кьеджакIэм нэхъри зегъэужьынырщ, адыгэм ди тхыдэр романым кьызэрыщIэлъэпсэгъуэм ныбжьыщIэхэр кIэлъыгъэпсынырщ.

Дерсыр яублащ «СыкъэфащIэ» джэгу-зэпеуэмкIэ. Абы хэтхэм ящыщу ящыныкъуэхэр кьеджэрт романым щыщ пычыгъуэ зэмыIэужьыгъуэхэу абы хэт лIыхъужь нэхъыщIхьэхэм ятеухуахэм, адрейхэм кьащIэрт а псалъэхэр зыхуэIэпэ зыхуэгъэзэжыну. Тхьгъэм фIыуэ щыгъуазэ еджакIуэ цIыкIуэхэм щыуагъэнэшэу кьащIащ

Си лIыхъужьым
ЛIы и гуГъэ игу ирелъхъэ.
Пщым и бгъуэщIкIэ щылъ фащэфIхэр
Сакъуэ псынщIэу
зыщетIагъэ,
Гъуэгу мылъхъхъуэу,
губгъуэ бжэну,

Ар мэзкIыфIым ныщIолъадэ, - сатырхэр Лацэ ехьэлIауэ зэрыщытыр. Ар къыщыхьэ Iыхьэми кIэщIу тепсэлъыхьжащ: «Лацэ пшэрыхьу и пщы гуащэ Жан зрита и дэлъху Асльэнокъуэм ешым и деж эн9Iуту ихьыр. Гъуэгур кIыхьт, пщым и блигуцIэтхэри и гъусэу, жэщ кащащIетхъуэм, загъэпсэхуну къэувыIат, жейхэр. Жеижа пщым и щыгъыныр щитIагъэу Лацэ зэрыщIэпхъэужар аращ зи гуГъу ищIыр».

Щlалэ хахуэм, пщыгъэмсу Щищlэм, фалъэр егъэувыж, Жыр сэшхуэжьыр ибг ищIауэ Псынщlэу, Iэдэу къэтэджьыж: «СэефакIуэ пщым и унэ Сыкъэжыакъым, мыр щIэхъыж! Напщlэхэшым и тхьэщIэпсыр Зэспэсакъым, кIуэи жеIэж! Асльэнокъуэр къэзгъуэтамэ, Сепсалъэну сыкъэкIуат... - жьэзыIар Зекlуэлокъуэ Къамбот. Сатырхэр зэхьэлIар Къамбот Лацэ зыхьхъэм къатрихьыжьи и гуГъу, пщым и унэр кьигъуэту зэрыкIуаращ. Асльэнокъуэ иджыри къекIуэлIожатэкъым. Абы Лацэ Iэщlэкlыжьатэ, къыIыхьэрт.

Си лIыхъужьым гъуэгуу И щхьэц хужьыр кьречыж, ПщlантIэ куэбжэм щыIубауэ Щlыр кьритхьуу зефыщIыж. «Хьэрыльхуу», - жери Мэхъэшокъуэр
Фызым гуаузу жьэхокIие, А тхьэмыщIкIэм и гум щIыщIэм ПщIэ хуищIыныи игу къимыхьэ.

Лацэ и анэ тхьэмыщIкIэм хуэгъэза псалъэхэри щыуагъэнэшэу кьахутащ еджакIуэхэм. А пычыгъуэм кьегъэльэгъуэж и пхъур тыгъэ щIауэ щыдашьмэ анэм телъа гуГэгъуэр. Ар абы Iуэлъпэжжатэкъым, анэ Iэпlэ хуарагъэщIыжатэкъым. Хьэлэлу лажьэу пщIантIэм дэт зэанэзэпхъум кьатехьа лейр хуэгъэвыртэкъым.

Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм кьаущэфащ романым хэт лIыхъужьхэу джэгуакIуэ лIыжьми, Асльэнышхуэи, Хьэсанши, нэгъуэщIхэми епха псалъэхэр. Адэкlэ еджакIуэ цIыкIуэр щэщIауэ тепсэлъыхьауэ тхыгъэм хэт образхэм абы щауфыщ увыпIэм, щIэ мыхьэнэм. Афlэунэм дерсым Iэкlуэлакlуэу хиухуэнащ идджырей методикэм и IэмалыщIэхэри. Абыхэм я щIапхъэт, къапщтэмэ, еджакIуэхэм синквейн (тхыгъэм е абы хэт образым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр кьэзыIуатэ, сатыри 5 хъу, рифмэншэ уэз хэха) зэрызэхагъэувари ягу дыхьэ образ щхьэхэуэм теуха къэпсэлъэныгъэ кIэщI зэрагъэхъэзэрари. Синквейн купщIафIэхэм ящыIу къэпхъ хъунущ мыхэр:

1. Къамботрэ Лацэрэ
Щlалэт, дахэт, хахуэт.
ФIыуэ зэрыльэгъуати, щlэхъуэпсэрт зэрыщэну.
Аэр хъунут унагъуэ дахэ, насыпри яхуэфащэт.
КъайхъулIакъым.
2. Гурыщlэр
Къабзэт икIи куут.
Хуейт ар щыIэну, гъащIэ иIэну.
Гурыщlэр зыщIаэр щхьэхуиттэкъым.
Ягъэпсэуакъым.

Дерсым щагъэхьэзыра къэпсэлъэныгъэхэри тещIыхьат «Къамботрэ Лацэрэ» романыр зэрытха бзэр зэрыкъулейр, абы авторым кьыщигъэсэбэпна литературэ Iэмал зэмыIэужьыгъуэхэр къэгъэнэIуэныим. «Тхыгъэр зытепсэлъыхь зэманыр блэкIа жьыжьащ, ар нэхъ пэжу кьигъэльэгъуэн щхьэкIэ Щоджэнщокlыкlым абы къыщихьащ арахаизм куэд, -жаIэрт еджакIуэхэм, я гупсысэхэр екIуу къалэуту. - Апхуэдэхэщ *къулькъашхэр, пщылI азэт, чо, санэхуафэ, зиусхьэн, тэхъуанэ, щолэхъу, дохьуте́й, ержьбгъ*ыкIэ, нэгъуэщIхэри». Тае и гъэсэнхэм гу лъамытэу кьэнакъым романым зыубгъуауэ узыщIрихьэлIэ зэгъэпщынэгъэ екIуэм, эпитет гукъинэхэм, метафорэ гъуэзэджэхэм, олицетворенэ кьыззэрымыкIуэхэм. А псоми, шэч хэмылъу, кьагъэльэгъуащ еджакIуэхэр романым фIыуэ зэрыщIгъуазэр, ахэр тхыгъэм и бзэм набдзэгубдзапIэу зэрыкIэлъыплъыфыр, литературэм и теориемкIи щIэныгъэфI зэрабгъэдэлъыр.

Дерсым и пэщIэдзэм зыхуигъэувыжа мурадхэм лъэIэса, пщэрыпIэ зыхуищIыжа кьаланэхэр кьызыхуэтыншэу зэфIэзыха егъэджакIуэ Iэзэм лъжьыгъэр кьызэщIикуэжащ, абы жьыджэру хэта ныбжьыщIэхэм фIыщIэ кIащ пьеесэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр абы еплъхъэм я деж пэжу нахьсэныр. Кьаланэрэ къуажэмрэ щыпсэухэм я гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар, зыр адрейм хуэныкъуэу зэрыщытыр драмэм кьызэрыщыгъэлъэгъуари, балигъ гъащIэм хьихь ныбжьыщIэхэр зыIуэу гуГуехьхэр зыхуэзэри, ахэр кьыдэнэжьыныр хуэунэтIауэ абы-хэм яч лъэбакъуэхэри, анэ - бын, гуащэ - нысэ, зэщхьэгъусэ, анэкьилъху зэхущытыкIэ лъапIэхэм сакъыу хъумапхъэ, узэгупсысыпхъэ, узыхуэсакъыпхъэ куэд зэрыкъэлри, лъагъуныгъэм, гу ябгъэгъыпрэ пэжагъымрэ кьатехьэу зэрыщIыкIыр ящIэ. Ар ящIыфащ. Зэ ящIэжьыкIыр ящIэжьыкIыр. *«Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ», «Зэкъуэшитфэ дзит! зыIутрэ», «Гъащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ», «Пхъур зэрыбгъасэщи, нысэр гъэсагъэхэхэщ», «Нэмыс здэщыIэм насыпи щыIэщ»* адыгэ псалъэжьхэри хуэкIуэрт ныбжьыщIэхэм утыку къралъхьа Iуэхугъуэм. Артист ныбжьыщIэхэм я джэгукIэм кIэлъыплъэм ящIащ дэтхэнэри иджыри зэ иригъэгупсысащ: «Сльэкl пора псори хуэсщIу пIэрэ си анэм? Абы и гуэныхь, губгъэн къэзмыхьу пIэрэ? - жиIэу.

Анэм, адэм, нэхъыщхьэм ныбжьыщIэхэм хуащIыпхъэ гулъытэм, пщIэм, нэмысым мыпхуэдэ зэхуэзэм и ужькIэ зэрыхэхъуэм шэч хэлъхьам. Уэзыгъэгушхуэрати, апхуэдэу екIуу анэдэлъхубзэр зыIурыIуб, ар зыгъэшэрыуэ щIэблэм зэфIэкI ин къаззрыкъуэкIынуми, гъащIэм я увыпIэ зэрыщагъэутыными шэч лъэпкъ къытепхьэртэкъым.

Теплъэгъуэм и ужькIэ утыкум къыхьа Адыгэбзэ пщащэм зыщIэхъуэпсри зыхуэхъуэхъуэри арат:

Мы ди лъэпкъ дыщэм
И гъащIэ гъуэгур кIыхь щIы,
Адыгэ цIыху къэс щхьэ махуэу,
Сабийуэ къэхъур Iумахуэу,
Ди нэхъыжьхэм я псалъэр Iущу,
Ди нэхъыщIэхэр бзэ IэфIу,
Дыщэрэ къэзыпыщIыр я Iэпэу,
Нэхъыжь псалъэм едаIуэу,
Лъэпкъ зэхэтыкIэр ефIакIуэу,
Жьэгу пащхьэ мафIэхэр мыужьхьыжьу,
Хъерыр дэмыкIыу куэдрэ дыщыгъэIэ!
Адыгэм ди псалъэ мыкIуэду,
Адыгэм ди гъащIэ мыкъуэту,
Адыгэм ди Iуэху къыддэхэуу,
Адыгэм санэху тхъумэфу
ГъащIэу щыIэр диIэну
Сэ хъуэхъу псалъэ соIэт.

ЗэпыщIи я Iуэхуэ къэпщытакIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ щыгъуазэ хуащIащ адыгэбзэр щколым щезыгъэджэхэм я методикэ зэгурыкъэнчэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, къапэщытэ къаланэхэм, яIэ мурадхэм. Ахэр купщIафIэу икIи къызыхуэтынщэу къалытащ куэдым. КъэпщытакIуэхэм фIыщIэ ин хуащIащ я нэгу щIэкIа лэжьыгъэщхэр щыгъэзагъэпэща икIи езыгъэкIуэкIа псомэ.

- Зи бзэр зыджьым, анэдэлъхубзэм и кьарур фIыуэ зыхэзыщIэм, щытхэми щыпсалъэми ар Iэрыхуэу зыгъэшэрыуэфым, зи гупсысэр нэгъэсауэ абыкIэ къэзыIуэтэфым и зэхэщIыкIэм щезыгъэджэхэм я методикэ зэгурыкъэнчэм зыкъэзыгъэхьэрыкъ куущ, и гупсысэкIэри нэхъ жанщ, и дуней тетыкIэри нэхъ дахэщ, и гъащIэри нэхъ къулейщ, езыри нэгъэщIэхэм елъытауэ нэхъ насыпыфIэщ, - жаIащ абыхэм. - Ди анэдэлъхубзэр зыIурыIуб, лъэпкъ хабзэм кууу щыгъуазэ апхуэдэ щIэблэ насыпыфIэ, зэчиифIэ кьызыщIэхуэу Урыхури жьлэ маху-хуэщ. Абыкlэ фIыщIэ яхудощI школым и унафэщIхэм, абы и егъэджакIуэ гумызагъэхэм, адэ-анэхэм. Тхьэм адэкIи фригъэфIакIуэ.

Бзэр лъэпкъым и псэу, и гъащIэу зэрыщытрат Адыгэбзэ пщащэм хьэщIэхэм иужьрейуэ зэрыщагъэзэ псалъэхэми я мыхьэнэ нэхъыщхьэр:

Уэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ!
Зи щхьэр адыгэм илъыт!
Зи тыгъэм псори дигъэфI,
Зи фIыщIэр дяни щыдгъэIэу,
Псори зыхуэзлIауэ,
Зыми емыльэIужьI
Си жьэгум ирагъэлъагъу!
ЩIы си гъащIэр кIыхь,
Уафэм сыщылъэщу,
ЩIылъэм сыщыбыдэу!
Сэращ лъэпкъым и гугъапIэр,
ПлъапIэу сэращ псоми яIэр.

Утыкум щикIыжьым Адыгэбзэ пщащэм къытрагъэзэжкIэ жиIэрт Хьэпэ Джэбрэил и усэм щыщ сатырхэр:

Псом ящхьэжу зыгъэу щыIэм,
Ар лъэпкъыбзэрщ - фIыуэсакъ.
Псом ящхьэжу зыгъэу щыIэм,
Ар лъэпкъыбзэрщ - фIыуэсакъ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Лъэпкъым дежкIэ ар жэщым мазэщ, Псэм ехуэбылIэу махуэм ар дыгъэщ

Лъэпкъым и дежкIэ ар жэщым мазэщ, Псэм ехуэбылIэу махуэм ар дыгъэщ. Ар хъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и жэрдэмкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIалэгъуэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэкмкl и министерствэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щыналъэм щригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм и мы-гъэрей Iыхьэм и иужьрей зэхыхьэ. Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджным хуэгъэпса щIыналъэпсо зэхьэзэхуэм Iэскэн районым хыхьэ Урыху дэт курыт школ №2-р къыхихыжащ екIуу, къыззохуэсахэм ирагъэлъагъункIи зэрадзэгуэшэнкIи хуэкъулейуэ.

АМАХУЭМ хабзэ зэрыхъуати, Адыгэбзэ пщащэр утыкум къихьэри

Адыгэм жаIэр пэжмэ,
Си дахагъыр телъыджэщ,
Самыджыныр игъуэджащ,
Сызымыджыр пэуджэжу,
И щIэпхъаджэм хущIегъуэжу - Апхуэдэ дуней догъэзэж,
Апхуэдэ дуней сыщагъэфIэж.
Зэ фахьихьэри фахэплъащ,
ТIэу фахьихьэри федэIуащ!
Иджы фелIыкIыт
къуэгуэлъкъуейхэр
Адыгэбзэм
зэрыхуэмыхейхэм!

Пщащэ цIыкIум зэрыжиIауэ, къыкIэлъыкIуэ дерсыр зытещIыхьар ди анэдэлъхубзэм и пащхьэ къэхъулIэжащ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ **Мэрзей Зое** ди пащхьэ къриплъха лъэжьыгъэр дерс-къэхутэныгъэ мардэм итт. 6-нэ классым щIэс еджакIуэхэм урокым и кIуэцIкIэ зэфIахащ псалъэ къэхъукIэхэм ехьэлIа къэхутэныгъэ зэхэлъмэтхэр, езыхэм абыкIэ щIэныгъэ къэуГуэкIыж. Зое хуэзфIэкIащ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ я псалъэ къэхъукIэхэм епха зэгъэпщэныгъэхэр иригъэкIуэкIын, фонетикэ, лексикэ, грамматикэ я лъэныкъуэкIэ бзэхэм яIэ щыхьэныгъэхэр игъэбелджылын, предметхэм яку дэлъ зэпыщIыгъэхэр игъэнаIуэу, игъэбыдэу. ЩIалъхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сабийхэм зыгурагъэIуащ дэтхэнэ бзэми езым и хабзэхэр зэриIэжыр, псалъэщIэр кьызэрыхьу Iэмал куэди зэрыщыIэр. Дерсым екIуу щIызэхуэунэт щхьэзакъуэ лэжьыгъэри гуп Iуэху зехьэкIэри, доскам щыпэжьэнри тетрадхэм щытхэнри. Лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэпащ Адыгэбзэ, Адыгэурыс псалъэхэр.

Егъэджэныгъэм и мызакъуэу, гъэсэныгъэ мыхьэнэи бгъэдэлът егъэджакIуэм дерсым кьыщIихьа тхыгъэ купщIафIэм. Ар Хьэх Сэфарбий и «Жыгит!» рассказым щыщ пычыгъуэт. Экраным курдидзэрт текстыр: *«Жыгыщ!э уардэм и къудамэ лъэщхэжкIэ быдзу иныгъщ езым гъащIэ къезыта жыгыжьыр. Гъумщ, лъагэщ, и быдэгъэщи, къытеть хьэлъэр зыуи къыщыхъуржьым. Хьэлэмэтхъэ, щIэжьр мыкъуамэ, жыгыжьыр куэд щIат щIым зэрыхэфыхьыжрэ. Иджы и къудамэ цIыкIуэхэр хьэуам нэжгъужу ходжэгъуф. Гуть щхьуантIэхэр Iуву къохьей... СоплIрисоплъ а жыгитIым. Си нэр къытесхьыфыржьым. ТIуии ry яльытIэржьым абыхэм. Зыуэщ уаззрыуплъэр. Сытуи дахащ! А дахагъэм хьизолъагъуэ псэ зыпытыр сыт щыгъуи дызыкуэныкъуэ хуабагъэр, Iэфыгъэр, гупытэр».*

ЕгъэджакIуэр я дэлэпкъэгъуэу сабийхэм гурыIуэгъуэ зыщIащ тексткIэ уэздзэ хъунэ тхыгъэр зыхуэдэми, псалъэ зыбжанэм я къэхъукIэхэми, рассказым щыщ пычыгъуэм щIэлъ гупсысэ кууми.

- ЛъэныкъуэкIэ еба, езыр кьызытехъуэныкъа жыгыжьыр имыгъэджалэу щIыкIэм иIыгыщ, егъэпсэу. Абыкlэ дэ Зыдж Сэфарбий дыкьыхуреджэ зыр адрейм щIэгъэкъуэн дыхуэхъужу дунейм дытетыну: быныр адэ-анэм, балигъыр сабийм, узынщэр сымаджэм, бланэр къарууншэм, - яжриэгъэт егъэджакIуэм и гъэсэнхэм. - Мыри щIыгъуэжьит: зэдэIэпыкъужьи хуейщ лъэпкъэхэри, зыр адрейм и щIэгъэкъэнчэ